

BAB II

ULIKAN TIORI, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar dina proses nganalisis, di antarana ngawengku tiori carpon, struktur carpon, aspék sosial, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

2.1 Ulukan Tiori

Dina ieu carpon ditétélakeun tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu di antarana ngawengku 1) carpon; 2) struktural; jeung 3) aspék sosial.

2.1.1 Carita Pondok

2.1.1.1 Wangenan Carita Pondok

Carita pondok atawa ilaharna disebut carpon mangrupa karangan karya sastra tinulis anu rékaan atawa fiksi dina wangun lancar. Carpon mangrupa karangan dina wangun lancar, lantaran kaasup salah sahiji karya sastra wangun prosa modern. Carpon aya sabada sastra Sunda kapangaruhan sastra kulon (Ruhaliah, 2017, kc. 70). Carita pondok nyaéta karya sastra tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan (Isnendes, 2010, kc. 29). Carpon miboga galur carita anu rélatif basajan ku sabab museur dina hiji kajadian, henteu ngarancabang saperti novel. Salian ti éta, palaku dina carpon teu réa nu ngabalukarkeun eusi carita rélatif pondok (Koswara, 2007, kc. 97).

Carpon mangrupa hiji carita nu langsung bisa beres dibaca dina sakali diuk, caritana bisa dibaca dina waktu satengah jam nepi ka dua jam, nu teu mungkin bisa dilakukeun pikeun maca hiji novel (Edgar Allan Poe dina Al-Ma'ruf, 2003). Bisa dibaca dina waktu satengah jam nepi ka dua jam, lantaran galur caritana henteu ngarancabang saperti novel. Carpon sunda ilahar panjang caritaanna 3.000-5.000 kecap. Novelet panjang caritaana 12.000-30.000 kecap. Novel

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anu dibukukeun panjang caritaanna 100.000 kecap (Richard Summers dina Koswara, 2013, kc. 35). Dina segi alur caritaan, carpon leuwih sarua jeung dongéng henteu ngarancabang, bédana carpon mah henteu miboga unsur pamohalan saperti dongéng. Carita pondok aya nu disebut carita pondok biasa (*short story*) ilaharna kawangun ku 7-10 kaca, carita pondok pisan (*short short story*) ieu ogé ilaharna kawangun ku 4-6 kaca, jeung carita pondok panjang (*long short story*) ilaharna kawangun ku 10-15 kaca (Isnendes, 2010).

Carpon nyaéta karya tinulis rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Eusi caritana anu basajan, galur carita anu teu ngarancabang hartina fokus dina hiji kajadian. Palaku dina carita 2-3 urang, palaku tambahanna ogé henteu réa. Ku kituna, eusi caritana téh kawilang pondok. Téma, latar jeung kajadian caritana mah sok tara jauh béda jeung eusi carita dina novel, nyaéta nyokot jeung ngoah dina kaayaan jeung alam kahirupan kiwari. Sarta umumna kawangun ku 4-5 kaca atawa kurang leuwih 15.000 kecap.

Cindekna, carpon nyaéta karangan karya sastra tinulis dina wangun lancar kaasup prosa modern, palakuna teu loba, sarta galur caritana basajan (museur kana hiji kajadian).

2.1.1.2 Sajarah Kamekaran Carita Pondok

Carita pondok geus kawilang lila aya di hasanah sastra Sunda. Carpon jadi salah sahiji wangun karya sastra nu tumuwuh sarta mekar nu kapangaruhan ku jaman. Ruhaliah (2017) nétélakeun yén carpon aya dina mangsa katilu (taun 1800-1900). Ayana carita pondok sabada sastra Sunda kapangaruhan ku sastra kulon. Musa narima saran ti Holle, nu intina nitah pikeun Musa tulis carita dina basa Sunda. Éta hal jadi bukti yén hubungan Holle jeung Muhammad Musa nu raket jadi jalan pikeun asupna carpon sarta novel kana sastra Sunda. Carpon nu munggaran nya éta carpon anu judulna “Hibat” jeung “Santri Gagal” karya Haji Muhammad Musa ditulis taun 1869 atawa saméméhna (Ruhaliah, 2017, kc. 51).

Salian ti éta aya ogé carpon “Hui Boléd”. Éta tilu carpon téh tara disabit-sabit

dina sajarah kamekaran carpon. Kumpulan carpon anu munggaran medal dina dunya sastra Sunda nya éta terbitan Balé Pustaka dina taun 1930 nu judulna *Dogdog Pangrewong* karya GS, leuwih kolot ti kumpulan carpon basa Indonesia nu terbit taun 1936 judulna *Teman duduk* karya M. Kasim (Isnendes, 2010, kc. 29).

Hasil karangan carpon hirup kumbuh dina sastra Sunda éstuning lungsur-langsar, lantaran aya media nu jadi wadah karya sastra, saperti majalah jeung kalawarta anu ngamuat sacara tinulis. Aya sababaraha majalah baheula anu ngamuat atawa ngamalirkeun carpon, nya éta majalah *Papaés Nonoman* (1915), *Padjadjaran* (1918), *Volksalmanak Sunda* (1919), *Pusaka Sunda* (1923), jeung *Sipatahunana* (1923) nu robah jadi surat kabar *Parahiangan* (1929), *Panghégar* (1952) (Ruhaliah, 2017, kc. 70).

Aya sababaraha carpon nu kapanggih pernah dimuat dina majalah *Pusaka Sunda* jeung *Panghégar*. Rusyana spk., (1987, kc. 74-75) nétélakeun yén dina majalah *Pusaka Sunda*, pernah ngamuat kumpulan carpon “Pelet” karya Adang S., Aam Amilia, Achmad Bakri, Abdullah Yusuf, Abdullah D., Achmad Rustandi, Budhi Darma, Dudu Prawiraatmadja, spk. ti taun 1966 nepi ka dua taun kahareup. Dina majalah *Panghégar*, pernah ngamuat carpon “Nu Garering Pikir” karya rusman Sutiasumarga di taun 1956.

Kamekaran carpon dina taun 2000 nepi ka kiwari salian di muat dina majalah jeung surat kabar, ogé ditulis dina média sosial nu diaksés sacara *online* saperti dina *website blogsite* jeung aplikasi média sosial séjén saperti *facebook*, *whatsapp*, *instagram*, jeung *twitter*. Ilaharna carpon nu mimiti dimuat dina média sosial, tuluy dimuat dina média citak, kitu deui sabalikna. Salian ti kamajuan téknologi, kamekaran carpon kapangaruhan ogé ku ayana komunitas sastra nu jadi wadah pikeun diajar nyieun carpon sarta jadi fasilitator pikeun medalkeun carpon boh dina média citak boh dina média sosial. Kumpulan carpon karangan sababaraha pangarang ilaharna medal jadi hiji buku anu disebut antologi carpon.

Aya sababaraha komunitas sastra, nya éta Patrem, Panglawungan 13, Caraka Sundanologi, Manglé Rumaja, jeung réa-réa deui.

Dumasar kana katerangan Ruhaliah (2019, kc. 219-221), ieu di handap aya sabagian judul kumpulan carpon anu medal dina taun 2000-2022, bisa ditilik tina tabél di handap.

Tabel 2.1

Judul Buku Kumpulan Carpon

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
1.	<i>Anak Jadah (capon)</i>	Cécép Burdansyah	*Kiblat	*Bandung	2002
2.	<i>Pantun Pangraja (carpon)</i>	Usman Supendi	*Paguyuban Pangarang Sastra Sunda (PPSS)	*Bandung	2002
3.	<i>Anak Jadah</i>	Cécép Burdansyah	Kiblat	Bandung	2002
4.	<i>Dukun Lepus (carpon)</i>	Ahmad Bakri	*Kiblat	*Bandung	2002
5.	<i>Jurig Paséa jeung Nyi Karsih</i>	Tini Kartini	Kiblat	Bandung	2003, 2007
6.	<i>Jurig Gedog Setan</i>	Ki Umbara	*Girimukti	*Bandung	2003
7.	<i>Ajalna Sang Béntang Film</i>	Duduh Durahman	Kiblat	Bandung	2004
8.	<i>Amanat dina Napas Panungtungan</i>	Mh. Rustandi Kartakusumah	*Kiblat	*Bandung	2004

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
9.	<i>Geus Surup Bulan Purnama</i>	Yous Hamdan	Kiblat	Bandung	2005
10.	<i>Oléh-oléh Pertempuran</i>	Rukmana Hs	Kiblat	Bandung	2006
11.	<i>Halimun Peuting</i>	Iskandarwassid	Puri Delco	Bandung	2007
12.	<i>Kanyaah Kolot</i>	Karna Yudibrata	Mama Wasalwa Kiblat	Bandung Bandung	2007 2014
13.	<i>Saéni</i>	Hadi AKS	Grafindo	*Bandung	2007
14.	<i>40 Dongéng Enténg ti Pasantrén</i>	RAF	Geger Sunten	Bandung	2007
15.	<i>Sajak Dongéng Si Ujang</i>	Godi Suwarna	Geger Sunten	Bandung	2007
16.	<i>Lips Gloss-Kumpulan Carpon</i>	Ananta G.	Wahana Ipték	*Bandung	2008
17.	<i>Nagri Taraté</i>	Erwan Juhara/Rusi Hartati	Elisa Surya Dwitama	*teu kapendak	2008
18.	<i>Layung (carpon)</i>	Aam Amilia	Pustaka Amaldi	Bandung	2008
19.	<i>Hileud Katumbiri</i>	Eriyandi Budiman	Gaza Publishing	Bandung	2008
20.	<i>Rusiah Kaopatbelas</i>	Darpan	*Kiblat	*Bandung	2008

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
21.	<i>Haréwos nu Gaib</i>	Ki Umbara	*Kiblat	*Bandung	2005
22.	<i>Katalimbeng Angen-angen</i>	Budi Rahayu Tamsyah	Geger Sunten	Bandung	2009
23.	<i>Jajaten Ninggang Papasten</i>	Yus Rusyana	Kiblat	Bandung	2010
24.	<i>Halis Pasir</i>	Us Tiarsa	*Kiblat	*Bandung	2011
25.	<i>Lalaki na Tungtung Peuting</i>	Tiktik Rusyani	Wisata Literasi	Bandung	2013
26.	<i>Néng Maya (antologi carpon)</i>	Dipilih ku C.W. Watson	Kiblat	Bandung	2014
27.	<i>Centangbarang</i>	Asikin Hidayat	Kiblat	Bandung	2014
28.	<i>Kanyaah Kolot</i>	Karna Yudibrata	Kiblat	Bandung	2014
29.	<i>Srikandi Néangan Gawé</i>	Tiktik Rusyani	Kiblat	Bandung	2014
30.	<i>Moal Dimumurah</i>	I Asikin	Kiblat	Bandung	2014
31.	<i>Dua Wanoja</i>	Chye Retty Isnendes	Kiblat	Bandung	2014
32.	<i>Sariak Layung</i>	Tetti Hodijah	*Tulus Pustaka	*Cimahi	2016
33.	<i>Peuting Nu Éndah</i>	Tetti Hodijah	*teu kapendak	*teu kapendak	2016

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
34.	<i>Di antara Tilu Jaman</i>	Aam Amilia	*Cv. Adi Cikal Raharja	*Bandung	2017
35.	<i>Munjung</i>	Moh. Ambri	Kiblat	Bandung	2020
36.	<i>Nganjang ka Pagéto</i>	HD. Bastaman	Pustaka Jaya	Bandung	2020
37.	<i>Wasiat Indung</i>	Deni Hadiansah	Pustaka Jaya	Bandung	2021
38.	<i>Surat ti Palmira</i>	Hadi Aks	Pustaka Jaya	Bandung	2022

Keterangan : - * : data hasil panalungtik peneliti

Salian ti kumpulan carpon anu dijieun ku hiji pangarang, aya ogé sababaraha kumpulan carpon nu dijieun atawa dikarang ku sababaraha pangarang nu mangrupa antologi. Dina Ruhaliah (2019, kc. 221), aya sababaraha buku antologi carpon anu kacatet di handap ieu.

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
1.	<i>Ti Pulpén tepi ka Pajaratan Cinta (antologi carpon mini)</i>	*Lembaga Kebudayaan Mekar Parahyangan Klub Pecinta Sastra Bandung	*Kiblat	Bandung	2002
2.	<i>Kanangan 1 (Kumpulan Carpon pinilih Mangle Hadiah UU Rukmana)</i>	Duduh Durahman (editor)	Yayasan Pusat Kebudayaan	Bandung	2003

No.	Judul Buku	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun Terbit
3.	<i>Kanangan 2 (Kumpulan Carpon pinilih Mangle Hadiah UU Rukmana)</i>	Duduh Durahman (editor)	Yayasan Pusat Kebudayaan	Bandung	2008
4.	<i>Lir Cahya Nyorot Eunteung</i>	Jur. Pend. B.Sunda UPI	Sonagar Press UPI	Bandung	2008
5.	<i>Berlian : 11 Carpon Wanoja</i>	*Karya Bersama	*teu kapendak	Bandung	*teu kapendak
6.	<i>Neng Maya jeung Carita-carita lianna</i>	Panganteur C.W. Watson	Kiblat	Bandung	2014
7.	<i>Kembang nu Mangkak (antologi carpon)</i>	Editor Agus Suherman & Dingding Haerudin	DPBS	Bandung	2016
8.	<i>Salikur Carpon Patrem</i>	Patrem	Pustaka Jaya	Bandung	2017
9.	<i>*Keretas Bodas</i>	*Panglawungan 13	*Pustaka Jaya	*Bandung	*2019
10.	<i>*Cinta</i>	*Panglawungan 13	*UNPAD PRESS	*Bandung	*2022

Keterangan : - * : data hasil panalungtik peneliti

2.1.2 Strukturalisme

Strukturalisme nyaéta hiji pamarekan karya sastra pikeun maluruh bagbagan atawa struktur dina karya sastra. Sacara étimologis, strukturalisme asal

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kecapna tina “struktur” hartina ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok unsur (*elements*); éta hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina pangamatan (Koswara, 2013, kc. 13). Mekarna srukturalisme dina Koswara (2013, kc. 24), panalungtikan ngagunakeun struktural dimimitian ku kelompok panalungtik ti Rusia (kaum Formalis) taun 1915-1930. Tokoh-tokohna nya éta Jakobson, Skhlovsky, Eichenbaum, jeung Tynjanov. Kaum Formalis nalungtik otonomi karya sastra, leupas tina kasang tukang sosial, sajarah, biografi, jsb.

Strukturalisme sarua jeung salah sahiji pamarekan kritik Abrams. Abrams (dina Koswara, 2013), nétélakeun yén aya opat pamarekan, di antarana (1) kritik mimetik, nyaéta kritik anu titik puseurna dunya/semesta/kahirupan manusa (*universe*); (2) kritik pragmatik, nyaéta anu titik puseurna ka nu maca (*audience*); (3) kritik ékspresif, nyaéta anu titik puseurna kana kaparigelan pangarang/sastrawan/nu nulis (*artist*); jeung (4) kritik objéktif, nyaéta anu titik puseurna kana karya (*work*).

Dina kritik objéktif, disebutkeun yén karya sastra nu sabenerna mah nyaéta karya nu mandiri hartina otonom, teu kudu disawang tina jihad nu lianna, cukup disawang sarta ditilik tina karyana ngeunaan unsur instrinsikna. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Isnendes, spk. (2018, kc. 74), yén strukturalisme mangrupa pamarekan ngeunaan karya sastra nu sipatna otonom. Hartina, strukturalisme téh bisa disebut ogé pamarékan kritik objéktif, lantaran leupas ti unsur-unsur nu aya disaluareunana (tina sawangan pangarang, nu maca/dunya sabudeureunana) leuwih museur kana karyana sorangan.

Dina nganalisis struktur karya sastra, tangtu aya waé patalina unsur hiji jeung unsur nu séjén. Saperti nu ditétélakeun ku Luxemburg (dina Isnendes, spk., 2018, kc.79), yén struktur mangrupa hiji karya atawa kajadian dina masarakat nu jadi hiji sacara kasaluruhan, lantaran aya timbal-balik antar bagian-bagianna, saperti ayana hubungan antar unsurna boh nu salaras boh nu teu salaras (ayana

konflik). Hartina, antar unsur struktur nu aya dina karya sastra téh pasti miboga hubungan, boh hubungan positif boh hubungan négatif dina antar unsurna.

Nalika nganalisis dina pamarekan strukturalisme nu diutamakeunna nyaéta unsur-unsur nu aya dina jero karya sastra éta sorangan. Aya sawatara unsur nu ilahar di kaji dina pamarekan struktural di antarana téma, alur, latar, tokoh, watek, jeung gaya basa. Robert Stanton netelakeun yén karya fiksi diwangun ku unsur-unsur saperti (1) téma carita; (2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung (3) sarana carita (puseur implengan, gaya basa jeung judul) (Isnendes, 2010). Kitu deui Koswara (2013, kc. 26) nétélakeun yén unsur-unsur nu dianalisis nalika ngagunakeun pamarékan strukturalisme, nya éta (1) téma; (2) galur (plot); (3) palaku; jeung (4) latar. Ku kituna, pamarekan struktural leuwih mineng digunakeun dina talaah sastra lantaran ditilik leuwih babari dilaksanakeunna.

Dina unggal pamarekan nu digunakeun dina kagiatan panalungtikan, tangtu miboga tujuan pikeun meunangkeun naon anu dibutuhkeun. Nurutkeun Teeuw (Al-Ma'ruf, 2003, kc. 131), dina pamarekan struktural miboga tujuan ogé nyaéta pikeun ngabongkar sarta ngamaparkeun sacara cermat ngeunaan *keterkaitan* jeung *keterjalinan* unsur-unsur nu gawé bareng pikeun ngawangun makna. Sok sanajan miboga sifat otonom, pamarekan struktural bisa ngawangun makna dina karya sastra lantaran ayana katerpaduan antar unsur nu hadé.

2.1.3 Struktur Carita Pondok

Carpon upama ditilik tina unsur-unsur anu ngawangunna, sarua jeung novel nu miboga dua unsur nya éta unsur intrinsik jeung ékstrinsik. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 20) pamarekan sturktural dipatalikeun jeung pamadegan Wellek & Warren kaasup kana pamarekan intrinsik. Sedengkeun pamarekan sastra nu séjén saperti Mimetik, Pragmatik, jeung Ékspresif mah kaasup kana pamarekan ékstrinsik nurutkeun Abrams.

Unsur intrinsik carpon ilaharna nya éta unsur anu ngawangun carita di jéro sarta nyampak dina eusi carpon saperti téma, alur, tokoh jeung panokohan, latar, puseur implengan, amanat, jeung gaya basa. Sedengkeun unsur ékstrinsik nyaéta unsur nu ngawangun carpon sacara teu langsung nu aya dina eusi carpon, saperti kasang tukang masarakat, kasang tukang pangarang, sarta ajén-ajén nu nyangkaruk dina carpon. Robert Stanton (dina Isnendes, 2010, kc. 92) nétélakeun yén karya fiksi unsur-unsurna atawa strukturna diwangun ku (1) téma carita; (2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung (3) sarana carita (puseur implengan, gaya basa, jeung judul). Dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun tiori Robert Stanton pikeun nganalisis struktur carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13.

2.1.3.1 Téma

Téma mangrupa aspek carita nu sajarah jeung ma'na dina pangalaman manusa (hal anu dijadikeun hiji pangalaman nu dipikainget pisan) (Stanton, 2012, kc. 36). Hal éta nuduhkeun yén téma téh kaasup aspek carita anu penting. Téma bisa disebut ogé ‘gagasan utama’ jeung ‘maksud utama’. Dina unggal carita karangan atawa karya sastra pasti miboga unsur téma. Téma carita bisa kapanggih ngaliwatan eusi caritana sorangan, pangarang teu nepikeun sarta ngagambarkeun sacara langsung ngeunaan téma carita. Tapi, téma ilaharna aya dina fakta-fakta carita, bakal kapanggih sabada carita dibaca nepi ka ahir. Unggal carita nu diwangun ku téma bakal nangtukeun arah pikeun milih jeung ngatur unggal unsurna (Koswara, 2007, kc. 43). Unggal unsur anu dimaksud nyaéta bisa ngeunaan palaku carita/tokoh, galur, paripolah palakuna, sarta cara méréskeun konflik dina carita.

2.1.3.2 Fakta Carita

Fakta carita ilaharna disebut struktur faktual atawa tingkatan faktual carita. Fakta carita mangrupa élémén-élémén anu miboga fungsi ngeunaan catetan kajadian imajinatif dina hiji carita. Fakta carita dina hiji carita ngawengku tilu,

nya éta galur, palaku jeung watek palaku, jeung latar carita (Stanton, 2012, kc. 12).

a. Galur

Dina ngawangun carita, tangtu kudu aya galur dina eusi caritana, sangkan nu maca bisa ngarti kana carita anu dibacana. Galur téh mangrupa runtuyan unggal kajadian nu aya dina carita (Stanton, 2012, kc. 26). Galur ilaharna kawatesan ku kajadian-kajadian anu kausal. Kajadian kausal mangrupa kajadian nu mawa pangaruh gedé keur kasaluruhan carita, ilaharna jadi sabab-akibat ayana hiji kajadian nu teu bisa diantepkeun.

Galur ilaharna disebut salaku '*tulang punggung*' carita. Galur miboga unsur-unsur pangwangunna sorangan, nya éta (1) konflik, ieu unsur nu pangpentingna dina carita lantaran jadi konci pangwangun pikeun mekarkeun caritaan; (2) pembayangan (*foreshadowing*), ieu unsur aya dina galur pikeun nu maca ngabayangkeun ngeunaan kajadian nu rék kajadian kahareupna; jeung (3) pendukung (*suspensi*), ieu unsur nyieun nu maca jadi miboga rasa panasaran lantaran aya carita anu tiba-tiba 'dipegatkeun' ku nu nulis (Koswara, 2013, kc. 45-46). Hartina galur bisa nangtukeun sorangan ngeunaan dirina dina carita, teu saperti unsur nu séjén.

Galur miboga hukumna sorangan nya éta ayana galur bagian awal, tengah, jeung ahir nu nyata, logis, jeung mungkas konflik carita (Stanton, 2012, kc. 28). Nurutkeun Nurgyantoro (dina Nurmala, 2021), ditilik dumasar wandana aya sababaraha jenis galur, di antarana aya 1) galur mérélé, nyaéta galur anu runtuyan kajadianna ti mimiti dibuka nepi ka pungkasna carita, ilaharna disebut galur maju/lurus/datar; 2) galur mundur atawa *flashback*, galur nu dimimitian ku pungkasan carita sarta bisa langsung ka tengah carita, ogé bisa langsung nyaritakeun ngeunaan hiji kajadian di tengah-tengah carita; 3) galur campuran, galur nu dimimitian ku kajadian anu ngaruntuy tapi sok aya ogé kajadian heubeul anu dicaritakeun (*flashback*) ku palaku carita.

Tahapan galur kabagi jadi lima bagian nurutkeun Esten (dina Haryanti, 2021, kc. 52) nyebutkeun, di antarana 1) *situation* (pangarang ngadéskripsikeun mimiti kajadian dina carita); 2) *generating circumstances* (kajadian mimiti gerak); 3) *rising action* (kaayaan kajadian geus mulai naék); 4) *climax* (kajadian keur klimaks); jeung 5) *denouement* (nungkulan sarta mungkas sakabéh masalah tina unggal kajadian).

b. Palaku jeung Watek Palaku

Dina unsur palaku aya dua kontéks anu biasa dipaké, kontéks kahiji nuduhkeun ka jumlah jeung tingkatan palaku dina carita. Dina kontéks kahiji palaku kabagi jadi palaku utama jeung palaku tambahan (panglengkep). Kontéks kadua, nuduhkeun palaku kana campuran ngeunaan kahayang, kapentingan, émosi, jeung prinsip moral ti unggal palaku dina carita. Dina kontéks kadua, palaku kabagi jadi palaku nu protagonis jeung palaku antagonis (Stanton, 2012, kc. 33).

c. Latar

Latar nyaéta lingkungan anu ngalengkepan kajadian dina carita, atawa sakitar anu patali langsung jeung kajadian dina carita. Latar mangrupa waktu nu tangtu, kaayaan, atawa hiji periode sajarah, nu biasa aya ngaliwatan kalimat-kalimat *deskriptif* anu dimunculkan ku pangarang. Latar ogé mangaruhan kana watek palaku lantaran bisa ngamunculkan *tone* sarta *mood* émosi palaku carita (Stanton, 2012, kc. 35-36).

Dina karya sastra fiksi, latar jadi salah sahiji faktor nu ngarojong hirupna jalan carita nalika dibaca ku nu maca, lantaran aya katerangan ngeunaan di mana, iraha, sarta kumaha kajadian dina carita. Abrams nétélakeun (dina Koswara, 2010, kc. 82), yén latar kabagi jadi tilu, di antarana aya latar sosial, latar tempat atawa géografis, jeung latar waktu atawa historis. Latar sosial nyaéta latar anu ngawengku ngeunaan status palaku dina kahirupan sosialna,

saperti kasang tukang pagawéan palaku, hirup kumbuh palaku di masarakat. Latar tempat atawa géografis nyaéta latar anu aya patalina jeung tempat lumangsungna hiji kajadian dina carita. Latar waktu atawa historis nyaéta latar anu patali jeung waktu lumangsungna hiji kajadian dina carita.

2.1.3.3 Sarana Carita

Sarana carita dina sastra bisa diartikeun salaku métode pangarang dina milih jeung nyusun ngeunaan detail carita sangkan miboga pola-pola nu berma'na (Stanton, 2012, kc. 46). Stanton ngabagi sarana carita jadi tilu nya éta aya judul, puseur implengan, sarta gaya jeung *tone*.

a. Judul

Unggal karya sastra atawa karangan carita, pasti miboga judul. Pamaca ilaharna saacan maca leuwih euyeub ngeunaan eusi hiji carita, pasti pamaca bakal ningali heula judul caritana. Judul mangrupa gambaran tina eusi carita sangkan ngawangun kasatuan. Tapi, teu sakabeh judul rélévan jeung eusi carita nu menonjol, aya ogé judul nu digunakeunna ngacu kana hiji kajadian nu teu menonjol dina carita. Cara pikeun urang mikanyaho naha judul téh patali jeung eusi carita atawa henteu nyaéta pamaca kudu maca hela caritana nepi ka bérés. Ku cara kitu, bakal kapanggih yén judul carita jeung eusi carita téh rélévan atawa henteu.

b. Puseur Implengan

Puseur implengan atawa *point of view* dina karya sastra atawa karangan carita nyaritakeun ngeunaan kajadian, palaku, tempat sarta unsur pangwangunna nu ngagunakeun gaya pangarangna sorangan. Puseur implengan kabagi jadi opat, di antarana aya puseur implengan jalma kahiji (utama), jalma kadua (lain utama/*sampingan*), jalma katilu (kawatesanan), jeung jalma kaopat (teu kawatesanan) (Stanton, 2012, kc. 53-54).

c. Gaya Basa

Dina karya sastra, gaya téh mangrupa cara pangarang dina ngagunakeun basa. Unggal pangarang anu nepikeun atawa nu ngarang ngeunaan hiji carita miboga cara ngébréhkeun atawa basana sorangan, kumaha dirina séwang-séwangan. Sanajan dua jalma/pangarang nyieun carita anu maké alur, karakter, jeung latar nu sarua, tangtu hasil karangan kaduana bakal béda. Ayana bébédaan éta dina sababaraha aspék saperti, masalah, ritme, panjang-pondokna kalimah, detail, humor, kekonkretan, jeung lobana imaji sarta metafora (Stanton, 2012, kc. 61). Éta campuran téh bakal ngahasilkeun gaya basa anu béda-béda.

2.1.4 Aspék Sosial

Aspék sosial diwangun ku dua kecap, nya éta kecap aspék jeung sosial. Aspék nyaéta cara nilik struktur temporal dina hiji kaayaan, kajadian, jeung prosés (Herimanto dina Nurmala & Suherman, 2021). Ari sosial mangrupa aksi jeung interaksi sosial sarta hiji fenomena atawa kajadian nu dihasilkeun tina prosés mikir (Soelaiman, 1998). Cindekna, yén aspék sosial nyaéta cara nilik jeung hasil prosés mikir ngeunaan hiji interaksi sosial, fenomena atawa kajadian nu aya dina lingkungan masarakat.

Aspék sosial mangrupa bagian tina sosiologi sastra, sabab nalungtik ngeunaan kahirupan sosial manusa boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakat. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Endraswara (dina Sanit, 2022) aspék sosial dina sosiologi sastra nyaéta panalungtikan nu fokus ka pasualan sosial manusa sabab sastra nu mineng medalkeun perjuangan manusa dina nangtukeun *masa depan* manusa dumasar *imajinasi*, rasa, jeung *intuisi*. Interaksi sosial jadi faktor nu utama ayana pasualan-pasualan dina kahirupan sosial. Interaksi sosial mangrupa hubungan timbal balik antara individu jeung individu, individu jeung kelompok, sarta antara kelompok jeung kelompok pikeun silih mangaruhan *perasaan*, pikiran, sarta paripolah nu rék dilakukeun (Rahmawati, 2013).

Aspék sosial jeung karya sastra miboga patali anu kuat, lantaran karya sastra teu bisa leupas kitu waé tina aspék sosial masarakat. Ditilik tina eusi caritana ogé sok aya nu nyokot tina kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat, jadi inspirasi pikeun pangarang nyieun carita. Cindekna, aspék sosial jeung karya sastra, utamana carpon moal bisa dipisahkeun kitu waé. Aspék sosial dibagi jadi lima ku Soejono Soekanto, di antarana aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, aspék sosial atikan (Soekanto, 2014, kc. 311).

2.1.4.1 Aspék Sosial Agama

Aspék sosial agama mangrupa salah sahiji aspék anu kawilang penting sarta kudu aya dina karya sastra. Aspék dasar pikeun meré atikan ka jalma nyaéta iman jeung taqwa. Nurutkeun Suherman (dina Mahpulah, S.A, 2020, kc. 10), aspék sosial agama téh salaku nu ngabentuk manusa nu sabenerna sacara gembleg, ogé saimbang lahir jeung batinna. Indikator nu bisa ditalungtik dina ieu aspék nyaéta ngeunaan hubungan manusa ka Allah Swt., kumaha cara ngamalkeun ajaran agama, ngajalankeun paréntah Allah Swt., sarta kumaha cara ngajauhan hal-hal nu dilarang ku Allah di agama. Impléméntasi dina sikep diri manusana nyaéta ngajalankeun ibadah nu saluyu jeung ajaran ti Allah Swt., silih tuntungan ka papada manusa, sopan sarta nurut ka nu jadi kolot, jeung sikep anu luyu jeung aturan ti Allah Swt.

2.1.4.2 Aspék Sosial Moral

Moral asal kecapna tina basa latén *mos* anu jamakna *mores* miboga harti kabiasaan atawa adat-istiadat. Dina wangenan filsafat, moral mangrupa hiji konsép nu dijieun atawa dirumuskeun ku masarakat dina nangtukeun ajén-ajén ngeunaan kahadéan jeung kagoréngan di lingkungan. Cindekna yén moral téh mangrupa hiji norma atawa aturan kahirupan nu miboga kalungguhan nu luhung dina kahirupan sapopoé manusa di lingkunganana.

Moral dina kahirupan kamanusaan minangka jati diri sarta pandangan hirup urang Sunda nu ngawengku moral manusa ka Gusti, moral ka dirina sorangan, moral ka papada jalma, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir batin (Sudaryat, 2015, kc 126).

2.1.4.3 Aspék Sosial Ékonomi

Ékonomi bisa dihartikeun salaku salah sahiji paripolah manusa dina neangan pakasaban pikeun ngahontal *kesejahteraan* jeung kabagjaan dina kahirupanana. Aspék sosial ékonomi aya di masarakat lantaran bisa nyieun ayana kelas sosial nu luhur jeung handap (Anwar, 2012). Hartina aspék sosial ékonomi patali ogé jeung kelas sosial ékonomi anu luhur, handap, jeung tengah.

Aspék sosial ékonomi ilaharna tara jauh tina pakasaban atawa pagawéan nu keur dilakonan ku palaku carita. Pagawéan nu dilakukeun ku palaku carita nyaéta pikeun ngahontal sarta minuhan kabutuhan jeung *kesejahteraan* hirupna. Cindekna aspék sosial ékonomi téh nyaéta salah sahiji prosés manusa di kahirupan masarakat dina minuhan kabutuh hirupna, pakait jeung pagawéan anu dilakonan.

2.1.4.4 Aspék sosial Politik

Dina kahirupan sosial di lingkungan masarakat, tangtu moal leupas tina kahirupan politik. Lantaran di lingkungan masarakat téh politik kawilang penting pikeun ngatur kahirupan masarakat sangkan kahirupan sosialna bisa stabil ogé teratur. Koentjaringrat (dina Ihsan & Zuliyanti, 2018, kc. 38), nétélakeun yén aspék sosial politik mangrupa organisasi pikeun ngalaksanakeun kagiatan sosial nu pakait pikeun pangajaran kateraturan jeung stabilitas masarakat di hiji wewengkon, ku ngagunakeun kakawasaan. Aya dua indikator penting dina aspék sosial politik di antarana ngeunaan atikan jeung kapamingpinan. Aspék sosial politik ngeunaan atikan, miboga harti ngeunaan kumaha cara ngaping, ngajar, sarta latihan di kulawarga, masarakat, jeung

pamaréntah. Sedengkeun aspék sosial politik ngeunaan kapamingpinan nyaéta miboga harti nu subjékna jadi unsur dina kapamingpinan (kumaha dina mingpinna, kumaha pangaweruh pamingpin di masarakat, kumaha tanggungjawabna dina kapamingpinan, jeung kumaha cara mingpin sahandapeunana) pikeun ngahontal udagan kapamingpinan (Saebani, 2014).

2.1.4.5 Aspék Sosial Atikan

Atikan mangrupa hiji prosés dina ngadidik jeung diajar pikeun nambah élmu pangaweruh sangkan aya parobahan nu leuwih hadé dina diri manusa. Indikator-indikator paripolah manusa nu kaasup kana aspék sosial atikan, nya éta mihormat ka kolot, nurut kana papatah, bisa tumarima upama geus dibantuan, anu silih tulungan, miboga étika anu hadé, jeung patuh kana norma nu aya di masarakat (Nurmala, 2021, kc. 12). Aspék sosial atikan kabagi jadi dua nyaéta aya anu atikan formal jeung atikan informal.

2.2 Panalungtikan Saméméhna


Dina panalungtikan saméméhna, geus réa panalungtikan anu nalungtik ngeunaan struktural jeung aspék sosial dina karya sastra nu mangrupa prosa, hususna di hasanah panalungtikan sastra Sunda. Panalungtikanana nya éta aya skripsi anu ditulis ku Mah KimKim taun 2022 kalawan judul “Kumpulan Carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural jeung Aspék Sosial)”, ku Reni Tania N taun 2021 kalawan judul “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Pondok *Layung* karya Aam Amilia”, ku Kurnia Sari taun 2019 kalawan judul “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah”, ku Wais Al-Qorni taun 2020 kalawan judul “Aspék Sosial dina Novél *Kabandang Ku Kuda Lumping*” Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél Di SMP : Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra”, ku Hinhin Wahidah taun 2017 kalawan judul “Struktur Jeung Aspék Sosial Dina Novél *Béntang Hariring* Karya Dian Hendrayana Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Di SMP”, ku Didah F Muslimah taun 2015 kalawan judul “Aspék Sosial

Dina *Babasan Jeung Paribasa Sunda*”, Angin Endang Suharti taun 2023 “Aspék Sosial Dina Carita Wayang Lalakon Semar Rarabi Ku Dalang Asép Sunandar Pikeun Bahan Ajar Kelas XII SMA: Ulikan Struktural”, ku Indah Purnamasari taun 2022 kalawan judul “Aspék Sosial Dina Kumpulan Carita Pondok *Halis Pasir* Karya Us Tiarsa (Ulikan Objéktif jeung Mimétik)”, ku Prayoga Adiwisastra taun 2014 kalawan judul “Aspék Sosiologi Sastra dina Novel *Saéni* Karangan Hadi AKS”, jeung ku Fadjar Sidiq taun 2022 kalawan judul Ajén Sosial dina Novélét Jamparing Karya Chyé Rétyy Isnéndés (Ulikasn Struktural)”.

Panalungtikan anu dilaksanakeun téh miboga sasaruuan jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta sarua nalungtik ngeunaan struktural jeung aspék sosial dina karya sastra. Ari anu ngabédakeunna tangtu dina objek nu digunakeun pikeun panalungtikan, nyaéta buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 anu tangtu can aya nu nalungtik.

2.3 Raraga Mikir

Panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung aspék sosial anu ngagunakeun buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 minangka objek panalungtikanana can aya, tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktur Robert Stanton jeung aspék sosial Soejono Soekanto. Dina tiori struktural baris dipaluruh ngeunaan téma carita, fakta carita, jeung sarana carita. Anapon ngaliwatan aspék sosial baris maluruh ngeunaan lima aspék sosial, di antarana aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan. Raraga mikir dina ieu panalungtikan bisa katitén dina bagan 2.1.



Bagan 2.1

Raraga Mikir